# Юнус авараг
# Рут
# Эстер

Аллагьасул Калима таржама гьабиялъул институт
Москва, 2017

# Юнус авараг, Рут, Эстер

Электронияб форматалда гьаб тIехь нужеда батила Аллагьасул Калима таржама гьабиялъул институталъул сайталда: https://ibt.org.ru/ru/media?id=AVR

ISBN 978-5-93943-241-2
© Институт перевода Библии, 2017

# ЦебերагIи

*ХIурматияв цIалдолев!*

Дуца цIализехъин буго магIарул мацIалде буссинабураб ва лъабго цадахъ къватIибе бичча-раб Аллагьасул Калимаялъул тIехь. Аллагьасул Калима ккола дунялалдаго бищун гIемер жал цIалулезул ва къиматазул цояблъун кколеб тIехь. Гьединлъидал, щиб улкаялъул, кинаб ди-налъул ва мацIалъул вукIин батIалъи гьечIого, жив-жив чиясе рес щвезе ккола гьаб тIехь жин-дирго гIагараб мацIалда цIализе. Аллагьасул Калимаялда руго гIемерал, жиб-жиб гIасруял-да гIадамазе кIвар бугел суалазе жавабал: нилъ киса рачIарал гьаб ракьалде, щиб гьабизе нилъ гьаб дуниялалда ругел, щай гьадигIан гIемераб квешлъи бугеб гьаб ракьалда, гьаб дуниял тун хадув киве инсан кколев. Аллагьасул Калима буго христианазул аслияб тIехь, амма гьеб цо-хIо христианазе хъвараб тIехь бугин абулел

чагIи мекъи руго. Аллагьасул Калимаялъул чанги бутIаби бусурбабазеги хирияллъун ккола.

Гьаб басмаялда бахъараб лъабго гьитIинаб тIохьол цоялда бицунеб буго Юнус аварагасул, цогидалда – цIар рагIарав Давуд ханасул умумузул хIакъалъулъ.

Жиб-жиб тIехьалъул цеберагIиялда бицунеб буго гьелъул аслиял темабазул ва гьенир рицунел лъугьа-бахъиназул тарихияб баяналъул хIакъалъулъ. Гьаб тIехьалъул ахиралда кьун руго, Библиялъул тIахьазда ругел лъугьа-бахъинал жинда жаниб ккарал цебесеб дуниялалъул картаби.

Аллагьасул Калима таржама гьабиялъул институталъ 2008 соналда магIарул мацIалда басмаялде бахъана «Инжил» («ЦIияб къотIи»), 2005 соналда бахъана «НекIсияб къотIиялъул» цо тIехь – «Сулайман аварагасул гIакъилал рагIаби». 2011-леб соналъ басмаялде бахъана цоги «НекIсияб къотIиялдаса» тIехь – «Байбихьи».

Гьаниб баркала кьезе бокьун буго гьаб лъабго тIехь магIарул мацIалде буссинабуразе, редакторазе ва басмаялда бахъизе квербакъи гьабуразе.

# ЦеберагIи

Электронияб форматалда гьаб тIехь нужеда батила Аллагьасул Калима таржама гьабиялъул институталъул сайталда: www.ibt.org.ru

ТIехь басмаялда бахъаразул хьул буго гьаб таржамаялъ магIарул халкъалъул рухIияб ва маданияб гIумруялда жаниб цо бегьулеб бакI кквелин.

*Аллагьасул Калима таржама*
*гьабиялъул институт*



# Юнус аварагъ

## Юнус аварагасул тІехь

Юнус аварагасул заман ккола цебесеб эраялъул микьабилеб гІасру. Аллагьас Юнусие амру гьабула ГІизраилалъул нагІана батаяб тушман кІудияб Ассириялъул империялъул тахшагьар Ниневиялдеги ун гьелъул жамагІаталъе вагІза гьабеян. Амма Юнусие бокьичІо Ниневиялъул жамагІаталда гьезда тІаде бачІунеб бугеб Аллагьасул жазаялъул хІакъалъулъ лъазабизе, щайгурелъул, гьел ГІизраилалъул гІасиял тушбабаз тавбу гьабизе гурин ва Аллагьасул тамихІалдасаги рорчІизе гурилан хІинкъун.

БукІаниги, гІезегІан къо бихьун хадуб, Юнус уна Ниневиялде. Ахиралдаги Ниневиялъул жамагІаталъ тавбуги гьабун гьел руссиндал, ва Аллагь гьезда гурхІидал, кутакалда ццидахуна гьев.

Гьаб тІехьалда якъинго бихьизабулеб буго Аллагь гурхІел-рахІму цІикІкІарав ва киналго халкъал, Гьесул халкъалъул тушбабазде гІунтІунги, хвасар гьаризе бокьулев ва тІаса лъугьизе хІадурав вукІин.

# Юнус аварагасул тӀехь

*ТӀехьалда буго*

Юнус БетӀергьанасухъа лъути (1:1–15).
Юнусил дугӀа (2:1–11).
Юнус Ниневиялде вачӀин (3:1–10).
Юнусил ццин бахъин (4:1–11).

## Юнус БетIергьанасухъа лъути

**1** [1] Амиттавил вас Юнусихъе БетIергьанасул
калам рещтIана: [2] «Нухде вахъа! Мун кIуди-
яб шагьар Ниневиялде а. Гьелъул жамагIаталъе
вагIза гьабе ва гьезда Дие гьезул квешлъаби
тIатун ругин лъазабе».
[3] Юнус нухде вахъана. БетIергьанасдаса Тар-
шишалде* лъутизе хIукмуги гьабун, гьев ана
Яффаялде, гьениб гьес балагьана Таршишал-
де унеб гама, кколеб мухьги кьун, гьеб гамида
рекIана, гьедин БетIергьанасдаса Таршишалде
тIуризе къасдалда.
[4] Амма БетIергьанас ралъдаде гьалагаб гьу-
ри битIана ва гьеб гьороца ралъад багъаризабу-
на. Гама щущахъ бан гъанкъизехъин букIана.
[5] Гамихъабазул рекIелъе хIинкъи ккана. Гье-
зул жив-жив чи жиндирго аллагьзабазде ахIи
базе ва жал хвасар гьареян гьардезе лъугьана.

---

* 1:3 Испаниялда бугеб шагьар.

Гамаялъе бигьалъи ккезелъун, гьез гамида букIараб къайи ралъдалъе бана.

Юнусин абуни, гамида жанивеги лъугьун,
парахат кьижун вукIана. 6 Гамихъабазул бетIер
вачIана гъоркье Юнусида аскIове ва гьес гьикъана: «Щай мун кьижун вугев? ТIаде вахъа, ва дурго Аллагьасде ахIи бай! Щиб лъалеб, Гьесда нилъер ахIи рагIун, нилъ чIаго хутIизе бегьула».

7 Киналго цоцада гаргадизе лъугьана ва гьез
цоцазда абуна: «Нилъеца можоро рехизе ккола, щив сабаблъун нилъеца гьаб балагь хIехьезе кколеб бугебали лъазабизе!» Можоро рехана — ва можороялъ Юнус вихьизавуна.

8 «Лъил гIайибалдалъун нижеде гьаб балагь
рещтIараб? Жаваб кье, мун щив кколев?» — ин гьикъана гьез гьесда. «Дур иш-пиша щиб? Киса мун? Киб бугеб дур улка-ракь? Щиб халкъа-
лъул чи мун кколев?» 9 «Дун вуго жугьутIав, —
ин абуна гьес. — Дица ралъадги ракьги бижарав БетIергьанасе, Зобалазул Аллагьасе гIибадат гьабула».

10 КIудияб хIинкъи речIчIана гамихъабазда.
«Дуца гьабураб жо щиб!» — ан абуна гьез гьесда, жив БетIергьанасдаса тIурун унев вугилан гьес
бициндал. 11 «Щиб гьанже нижеца дуда гьабизе

кколеб, гьаб ралъад гIодобе биччаялъе? Ралъ-
дал багъари тIадеялдаса тIаде жеги кутаклъулеб
бугелъулха». [12] «Дун восун ралъдалъе рехе, ра-
лъад гIодобе биччазе букIине. Дида лъалелъул,
дун сабаблъун ккун ругеблъи нуж гьаб ралъдал
гьалаглъиялъукье», – ян жаваб кьуна гьес.

[13] Ралъдахъаби, расадул раххназ хан бачун,
ралъдал рагIалде гама сверизабизе лъугьана,
амма гьезухъа гьеб бажаричIо. Ралъад жегиги
цIикIкIун гьалаглъулеб букIана. [14] Гьебмехалда
гьез БетIергьанасде ахIи бана: «БетIергьан! –
ин гьарана гьез. – Гьав чи сабаблъун нижее
тамихI гьабуге! Щибго гIайиб гьечIого гIодо-
бе тIураб гьаб би нижедаса тIалаб гьабуге! Мун
вугелъул БетIергьан ва гьадинаб бугелъул Дур
хIукму».

[15] Восизеги восун гьез Юнус ралъдалъе реха-
на ва ралъдал гьалаглъи къотIана. [16] Гамихъа-
би БетIергьанасдаса кутакалда хIинкъана. Гьез
Бетергьанасе къурбан ва назру гьабуна.

## Юнусил дугIа

**2** [1] БетIергьанас кIудияб ччугIа битIана Юнус
къулчIизе. Лъабго къо ва лъабго сордо ба-
на Юнусица гьеб ччугIил чохьониб. [2] ЧчугIил

чохьониса Юнусица жиндирго БетӀергьан Аллагьасде гьадинаб гьари-дугӀа гьабуна:
3 «Балагьалде ккедал дица
БетӀергьанасде ахӀи бана,
ва Дуца дие жаваб кьуна!
Жагьандаманалъул кӀкӀалахъа ахӀдана
дун,
ва Дуда дир гьаракь рагӀана!
4 БецӀаб гвандиниве, ралъдал гъварилъуде
рехана Дуца дун – дун гьалагал иххаз
восун унев вуго; Дур тӀолалго лъинал ва
гӀасиял карачелал
дида тӀасан чвахана.
5 Цинги дица пикру гьабуна: „Дун
БетӀергьанас Жиндаго цевеса тӀуван
нахъе къотӀана“, – ян.
Амма гуребха, дида жеги бихьилеб Дур
Мукъадасаб Рукъ!
6 Лъин дир щокъробе щвана, сверухъ –
бецӀаб кӀкӀал буго,
дир нодоги
ралъдал хъархъица бацун буго.
7 Дун ракьул лахӀтуялъуве,
мугӀрузул кьалбазукье ккана.
Дунялалъул каву абадиялъего
рахана дида хадуб! Амма, дир БетӀергьан

Аллагь, Дуца дун гъваридаб лахIтуялъуса
тIаде ворхана!
8 ЗагIиплъун, тIуван тату хун ккедал дида
БетIергьан ракIалде щвана, ва дир дугIа
Духъе, Дур Мукъадасаб Рокъобе
гIунтIана.
9 Гьереси-аллагьзабазул рахъ ккураз Дуе
рекIкI гьабулеб буго.
10 Дицайин абуни Дуе гьабила рецц-бакъалъул
къурбан ва назруги тIубазабила.
БетIергьанасдасан буго хвасарлъи!»

11 БетIергьанасул амруялдалъун ччугIица
Юнус къватIиве, ралъдал рагIалде лагIана.

## Юнус Ниневиялде вачIин

**3** 1 Нахъеги БетIергьанасул калам бачIана
Юнусихъе: 2 «Нухде вахъа! КIудияб шагьар
Ниневиялде а. Гьелъул жамагIаталда лъазабе
Дица дуе амру гьабураб жо». 3 Юнус нухде ва-
хъана – БетIергьанасул амруялда рекъон Ни-
невиялде ана гьев.

Ниневия букIана кIудияб шагьар – лъаб-
го къо къваригIунаан рилълъун унаго гьелъул
рагIа-ракьанде щвезе. 4 Юнусица байбихьа-
на цо къодул манзил нахъа тун гьеб шагьар

къотIун хьвадизе ва ахIун лъазабулеб букIана:
«КIикъого къоялдасан Ниневия тIубан тIатIа-
ла ккезе буго!» – ян. [5] Ва божана Ниневиялъул
жамагIат гьанже Аллагьасда. Кинацаго кIал
кквеян лъазабуна ва гьитIинав-кIудияв батIа-
лъи гьечIого, киназго тIад ретIана хIебет.

[6] Гьеб хабар Ниневиялъул парччахIасухъе
щведал, гьев парччахIлъиялъул тахидаса гъор-
кье рещтIана, тIаса рехун жиндирго ретIелгун,
тIад ретIана хIебет ва рохъдолъ гIодов чIана*.
[7] Хадуб гьес буюрухъ кьуна, парччахIасул ва
гьесул вазирзабазул цIаралдасан, киса-кибего
Ниневиялда гьадинаб амру лъазабеян:

«Я гIадамаз, я боцIуца, чIахIиял-гIисинал
батIалъи гьечIого, кванида хъваге, боцIуде ун-
ге, лъин гьекъоге. [8] Биччанте гIадамазги хIай-
ваназги тIад хIебетги ретIун, кIваралъ жигар
бахъун, Аллагьасде гьардезе. Жив-жив чияс
рехун те хъублъи-квешлъи ва зулму-хIал гьаби.
[9] Щиб лъалеб, Аллагьасул ццин нахъбуссине
бегьула, цинги Досул амруги хисила ва нилъги
чIаго хутIила».

---

* 3:6 Доб заманаялда рекIекълъигун тавбу загьир гьабизе хIебетги ретIун рохъдолъ чIолаан гIадамал ва кIалги ккун Аллагьасде гьардолаан.

[10] Гьезул ишаздасан Аллагьасда бихьана
гьез квешлъиялде мугъ рехун букIин. Аллагь
гьездагурхIана, Жинца гьабизехъин букIараб
тамихIалъе хIукму Гьес хисана – гьезие хIаду-
рун букIараб балагь-гIакъуба нахъе къотIана,
доб балагь гьезда тIаде биччачIо.

## Юнусил ццин бахъин

**4** [1] Юнусида гьеб иш кутакалда квеш бихьана:
гьесул цIакъго ццин бахъана ва ракI бухIа-
на. [2] Гьес БетIергьанасде гьадинаб гьари-дугIа
гьабуна: «БетIергьан! Дица гьедин абулеб бу-
кIанагури Дуда, дун инсул ракьалда вугеб ме-
халъго. Гьединлъидалин дица доб цебесеб ну-
халда хIукму гьабураб Таршишалде лъутизе.
Дида лъалеб букIиндал Мун сахаватав, гурхIу-
лев, сабруяв, рахIмуяв ва балагь нахъ чIвазе бо-
кьулев вукIин. [3] Гьанже бахъе, БетIергьан, дир
рухI: дие хвейго лъикI, чIаго вукIиналдаса».
[4] «Дур гьедин ццин бахъине бегьилищ?» –
ин гьикъана БетIергьанас. [5] Юнус шагьар тун
къватIиве вилълъана ва гьелъул бакъбаккул
рахъалда чIана. Гьениб гьес жиндиего хъош
гьабуна, ва гьелъул рагIдукьги вахчун, щиб-
дай шагьаралъул ккелеб абун, хал ккун чIана.

[6] БетІергьан Аллагьас цо хъарахъ бижизабу-
на гьениб, гьелъ Юнусиде тІаде рагІад рехизе
букІине ва гьесул рекІее парахатлъи лъугьана.
Юнус кутакалда разилъун вукІана гьеб хъар-
хъидаса.
[7] Нахъисеб къоялъ радал хъахІлъи рехулеб
гІужалъ Аллагьас хІапара битІун бачІана. Гьеб
хІапараялъ хъарахъ квана ва гьеб бакъвана.
[8] Бакъ тІаде бахарабгойийн абуни, Аллагьас бу-
хІараб бакъбаккул гьури битІун бачІана гьени-
бе. Бакъуца Юнусил бетІер бухІизабулеб букІа-
на. Тату хун хвезе анищилан ккана Юнусида.
«Хвезего лъикІ дие, чІаго вукІиналдаса», – ян
абуна гьес.
[9] «Бегьилищ хъарахъ сабаблъун мун гьедин
ццидахине?» – ян цІехана Аллагьас Юнуси-
да. «Бегьила, – ян абуна Юнусица. – Ццидаца
гъанкъун холев вуго дун!»
[10] БетІергьанас абуна: «Я дуца бижизабичІеб,
я захІмат цІан гІезабичІеб хъархъида хадуб гье-
дин ракІ бухІун буго дур: цо сордоялда жаниб
бижана ва цо сордоялда жаниб бакъвана гьеб.
[11] Кин Дир ракІ бухІилареб кІудияб шагьар Ни-
невиялъухъ? Нусиялда къоазаргоялдасаги цІи-
кІкІун чи жанив вугеб, жидеда квешаб-лъикІаб
батІа бахъизе лъаларел ва гьединго гІемераб
боцІиги бугеб».



# Рут

## Рутил хIакъалъулъ тIехь

Гьаб тIехьалда жидер хIакъалъулъ бицен гьабулел лъугьа-бахъинал ккана ГIизраилалъул ракьалда къадизабазул нухмалъи бугеб заманалда; жеги ханзаби рукIинчIо ГIизраилалда доб заманаялда. Пасалъи ва хъублъи-квешлъи дагь букIинчIо дол къояз.

Гьаниб бицунеб буго, ГIизраилалъул гIорхъода бугеб ракьалдаса гIолохъанай могIавияй Рутил хIакъалъулъ гьайбатаб хабар. Жиндирго рос хведал къорол хутIарай гьелъ, жиндирго якьад НогIомиде божел цIунула, гьелда цадахъ ГIизраилалде уна ва ГIизраилалъул Аллагьасде ракI-ракIалъго иман лъола. Гьений гьей НогIомил гIагарав, кIудияб къадру-къиматалъул чиясе росасе уна, гьелде тIадеги, гьей яхъуна Давудил умумузул цояйлъун.

Гьаб тIехьалда бицунеб буго, инсан кинаб миллаталъул я кьибилалъул вукIаниги батIалъи гьечIого, цохIо гьесул жиндирго ритIухълъиялъ ва БетIергьанасул амруялъе гьев мутIигIав

вукIиналъ лъолин Аллагьасги гьесда баркатин абун. МогIавияй йикIаниги (МогIавиял ГIизраилалъул тушбабилъун рикIкIунаан, ва къануналда рекъон, жугьутIазе могIавиялгун ригьин гьабизеги гьукъун букIана), ракI-ракIалъго Аллагьасде юссиндал, кIудияб баркат лъуна Рутида ва Аллагьасул халкъалъул цояйлъун яхъана гьей. Аллагьас БогIазидаса пайда босула, гьес НогIомил балъ бецIун босизе ва Рутги лъадилъун ячун, НогIомил наслу тIагIине биччачIого, гьелъие ирсилав гьавизе.

ЖугьутIаз гьаб тIехь цIалула лъилъариялъул байрамалда, их ахиралде щолеб заманалда. Щайин абуни, гьаб тIехьалда хъван ругел аслиял лъугьа-бахъинал ккана гьеб гIужалда.

*ТIехьалда буго:*

Эли-Малик хъизангун цадахъ МогIавалде гочин (1:1-5).

НогIоми Бетлегьемалде тIад юссин (1:6-22).

Рут БогIазил хурий хIалтIи (2:1-23).

Рут гьоцIие БогIазихъе ин (3:1-18).

БогIазица Рут лъадилъун ячин (4:1-12).

Давудил умумузул рахас (4:13-22).

### *Эли-Малик хъизангун цадахъ МогIавалде гочин*

**1** [1] Доб, къадизабазул* нухмалъиялда гъоркь
ГIизраил бугеб заманаялъ, гьениб ракъи
ккана. Ва, Ягьудиялъул Бетлегьем абураб ша-
гьаралдаса цо чи ана гочун, цадахъ ячун жин-
дирго лъадигун ва кIиго васгун, МогIавалъул
авлахъалда гIумру гьабизе. [2] Гьев чиясда цIар
букIана Эли-Малик, гьесул лъадуда цIар букIа-
на НогIоми, ва гьесул васазда цIар букIана Ма-
хIлон ва Килеон. Гьел рукIана Ягьудиялда бу-
геб Бетлегьемалдаса Эпратил къавмалъул чагIи.

Гьел рачIана МогIавалъул ракьалде ва гье-
ниб гIумру гьабун чIана. [3] КватIичIого хвана
Эли-Малик ва хутIана НогIоми жиндирго кIи-
явго васгун. [4] МогIавалъул руччабазда гьоркьо-
са лъудби рачана гьез жидеего – цоялда цIар
Орпат, цогиялда цIар Рут букIана. АнцIго сон-
гIанасеб заман бана гьез гьеб бакIалда. [5] Амма

---

* **1:1** Доб заманалда ГIизраилалда ханзабазул бакIалда къадизаби рукIана.

хадур гьелъул кIиявго вас хвана – МахIлонги Килеонги, ва хутIана гьей гIадан жийго, росги хун, лъималги хун.

### *НогIоми Бетлегьемалде тIад юссин*

[6] БетIергьанасул рахIму рещтIун бугин Гьесул халкъалде ва кIудияб рикъзи кьун бугин
рагIун, НогIомил къасд ккана МогIавалъул
авлахъаздаса жиндирго ракьалде тIад юссине.
КIияйго нусги яхъана гьелда цадахъ. [7] Рахъана
НогIомиги кIияйго нусги цадахъ гьеб бакIалдаса къватIире ва Ягьудиялде нух босана.
[8] НогIомица нусаздехун юссун гьадинаб
калам гьабуна: «Нуж тIадрусса нужерго эбелинсул рокъоре. БетIергьанас льикIабщинаб
гьабеги нужее, нужеца нужер хварал росазе ва
дие гьабураб гIадин. [9] БетIергьанас кумек гьабеги нужее ва талихIги кьеги цIиял росабазул
рокъоб».
Гьелъ гьезда убачалги гьарун къо-мех лъикI
гьабулаго, гьел биччан гьаракьгун гIодана [10] ва
гьез абуна: «Ниж дуда цадахъ рилълъина, дур
халкъалда гьоркьор рукIине». [11] НогIомица абуна: «ТIадрусса, дир ясал. Щай нужее дида цадахъ рилълъун? Нужее росаллъун рахъине жеги

васал гьаризе дир хIалкIвелищ? [12] ТIадрусса,
дир ясал, нуж а. Росасе ине дунги гьанже хер-
лъун йигелъул. Жеги хьул кватIун гьечIинги
абун, жакъаго росасеги ун, къасиго дир ургьи-
ре васал ккезе рес букIарабанигицин, — [13] бе-
гьилаанищ гьел кIудиял гIезегIан нуж ралагьун
чIезе?* Бегьилищ нуж гьедин къороллъуда чIе-
зе, росасеги инчIого? Бегьиларо, дир ясал. Дир
къисмат гIемерго кьогIаб буго, нужеца дида
цадахъ гьеб къулчIизе ккеларо. БетIергьанасул
щцин рещтIун буго дида тIаде».

[14] ЦIидасан риччан гьаркьалгун гIодизе
лъугьана гьел. Орпатица убачги гьабун, жин-
дирго якьадалъулгун къо-лъикI гьабуна, ам-
ма Рут гьелда аскIоса ягъаричIо. [15] НогIомица
абуна: «Балагье, дур дандияй унейй йиго тIа-
дюссун жиндирго халкъалъухъе ва жиндир-
го аллагьзабазухъе, мунги а долда цадахъ».
[16] Амма Рутица жаваб кьуна: «Мунги рехун
тун дун хIалицаго нахъе гъоге. Мун аралъуе

---

* 1:13 ЖугьутIазул динияб къануналда рекъон, лъимерги нахъе течIого пуланай гIаданалъул рос хвани, гьей ячине кколаан хадусев вацас. Гьесдаса гьелъие гьавурав вас рикIкIунаан дов хварасул васлъун ва досул цIарги кьолаан гьев васасе. Хварав чиясул цIар ва наслу тIагIинчIого букIине ва гьесул мал-мулкги чияхъе ккечIого букIине гьабулаан гьеб.

дунги ина, мун чIаралъуй дунги чIела; дур
халкъ букIина дир халкълъун, дур Аллагь ву-
кIина дир Аллагьлъун. 17 Мун хваралъуй дунги
хвела, мун юкъаралъуй дунги юкъила. БетIер-
гьанасул ццин рещтIаги дида тIаде, дида тIад
къоно чIвараб къоялъ гурони дица мун рехун
тани». 18 НогIомида бичIчIана гьелда цадахъ
йилълъине гьабураб Рутил хIукму щулияб бу-
кIин, ва токIаб гьелъ гьелда тIадюссиналъул
цIар бахъичIо.

19 Гьей кIияйго гIадан ана Бетлегьемалде
щвезегIан. Гьел шагьаралде жанире щварабго,
гьениб кIудияб багъа-бачари лъугьана. «Гьай
гIадан унгоги НогIомийищ гъарин?!» – ан
хIикмалъун кIалъалел рукIана руччаби. 20 Но-
гIомица гьезие жаваб кьун абуна: «Дида тIо-
кIаб НогIомиян (гьуинайин) абуге, Марайин
(кьогIайин) абе, щайгурелъул диде Къудратав
Аллагьасул кIудияб балагь рещтIун бугелъул.
21 Дун гьаниса ана бечедай гIаданлъун, ам-
ма гьале БетIергьанас чIоёго тIад юссинаюна.
Щай нужеца дида НогIомиян абулеб? БетIер-
гьанас дие тамихI гьабуна, Къудратав Аллагьас
дида тIаде балагь рещтIинабуна».

22 Гьедин юссана НогIоми, цадахъ жиндирго
нус Рут могIавияйгун, МогIавалъул ракьалдаса

Бетлегьемалде. Гьеб букIана пурчIина лъилъи-
зе байбихьулеб заман*.

### *Рут БогIазил хурий хIалтIи*

**2** [1] НогIомил вукIана росасул рахъалъан гIа-
гарав, гIезегIан къадру-къимат бугев, Эли-
Маликилгун цо къавмалъул чи. Гьесда цIар бу-
кIана БогIаз.

[2] МогIавияй Рутица абуна НогIомида:
«Бегьилищ дун хурзабахъе ине, дида гур-
хIаразул хурзабахъа тIор бищизе?»** «А, дир
яс», – илан абуна НогIомица. [3] Рут ана, ва
лъилъарухъабазда хаду-хадуй йилълъун, гье-
зухъа гъоркьа хутIараб тIор бищизе жуяна.
Гьеб хуралъул бетIергьан ватана БогIаз, Эли-
Маликил агьлуялъул чи. [4] Гьелде тIадеги,
гьеб къоялъ живго БогIазги вачIана гьениве
Бетлегьемалдасан.

---

* 1:22 Апрель-май моцI.

** 2:2 Мусал къануналда рекъон, жугьутIаз хур-ах тIу-бан рагIа-ракьанде щун бакIаризе бегьулароан. Къва-тIиса рачIаразул, къороллъуда хутIаразул, бестIалазул ва мискинзабазул ихтияр букIана гъутбузда хутIараб пихъ ва хурзабахъ лъилъарухъабазухъа гъоркьа хутIараб бугIаролъ жидеего бакIаризе.

«БетIергьанас кумек гьабеги!» – ян кIалъана
гьев лъилъарухъабазда.
«БетIергьанасул баркат дудеги рещтIаги!» –
ян жаваб кьуна гьез гьесие.
5 Жиндирго лъилъарухъабазе бетIерлъи гьа-
бизе тарав цо цевételасда БогIазица цIеха-
на: «Дой гIолохъанай яс лъил кколей?» – ян.
6 НогIомида цадахъ МогIавиязул ракьалдасан
ячIарай МогIавияй йигин абун жаваб кьуна
цевételас. 7 «Долъ дида цIехана: „Бегьилищ
дица лъилъарухъабазда хаду-хадуй йилълъун,
гьезухъа гъоркь хутIараб тIор бищун, гьелъул
диего гулал къазе?“ – ян. Радалго ячIана дой,
ва гьанжелъизегIан, цодагьабго мехалъ гурони
лъалхъичIого, хIалтIулей йиго».
8 Гьебмехалда БогIаз кIалъана Рутида: «Дир
яс, гIенекке дихъ. Мун тIокIай цогидал хурза-
бахъе унге тIор бищизе, гьаниса киего унге мун,
дир гьанир хIалтIулел ругел руччабазда цадахъ
йикIа. 9 Лъилъарухъаби хIалтIулеб бакI бихьун,
гьезда хадуй хьваде. Дица дир киналго хIалтIу-
хъабазда лъазабун буго мун къварид гьаюгеян.
Къечон, лъим гьекъезе бокьани, дир церетелаз
цIун лъун ругел гIертIазухъа гьекъе», – ян.
10 ГIодор накабиги чIван къулана гьей гьесие
ва абуна: «Щай дуца гьедигIан дида цIоб лъун

дир тIалаб-агъаз гьабулеб, дун къватIисейлъи-
дал?» [11] БогIазица жаваб гьабун абуна: «Дида
рагIана дур рос хун хадуб дуца дурго якьадалъе
гьабурабщинаб лъикIлъиялъул хIакъалъулъ,
эбел-эменги, дурго ватIанги рехун тун, мун чи-
яр ракьалде гочарайлъи. [12] Рази гьаеги мун Бе-
тIергьанас, ГIизраилилил Аллагьас, дуца гьабураб
лъикIабщиналъухъ, дуца Гьесул цIобалда мугъ-
чIван бугелъул». [13] Гьелъ абуна: «БетIерчIахъад,
хаду-хадубги дур гурхIел-рахIмуялде хьул буго
дир. Дуца дун разилъизаюна, рекIее хIалхьи
гьабуна, дур лагъцин дун гуреб мехалъ».

[14] Къаде квание заман щварабго БогIазица
абуна Рутида: «Гьание ячIа, кIалдиб жо лъе,
гьаниб къанцIадулъги ччун кванай дурго чадил
мочIу». Рут ячIун лъилъарухъабазда аскIой гIо-
дой чIедал, гьес гьелъие бассараб ролъул чIер
кьуна. Гьелъ гIорцIизегIан квана, жеги нахъеги
хутIана.

[15] Хадуй тIадеги яхъун, жеги тIор бакIаризе
лъугьана. БогIазица жиндирго хIалтIухъабазда
лъазабуна: «Биччанте долъ гулазда гьоркьосаги
тIор бищизе, вореги нужеца долъул ракI бакъ-
вазабуге; [16] гулал къалелъул, нужецагоги цо-цо
квацIи гъоркь те долъие, ва щибго гIайибги
чIваге долда».

[17] Гьединаб хIалалда маркIачIумех щвезегIан
бакIарана Рутица пурчIина. Лал тIамун хадуб
гьелъул бахъана гIага-шагарго цо къали цIураб
жо*. [18] Гьебги босун шагьаралде щвана ва гьа-
лъул якьадалда бихьана гьалъ гIезегIан жо ба-
кIарун бугеблъи. Гьелда тIадеги Рутица къва-
тIибе бахъун бачIана ва якьадалъе кьуна къаде
кванил тIоклъун хутIараб бутIа.

[19] Якьадалъ гьалда цIехана: «Киса жакъа ду-
ца тIор бакIарараб? Мун кий йикIарай хIал-
тIулей? Баркат лъеги жакъа гьадин дур тIалаб
гьабурав чиясда!»

Рутица жиндирго якьадалда бицана лъил
бакIалда йикIараяли. Жий хIалтIулей йикIараб
хурул бетIергьанасда цIар БогIаз бугилан би-
цана Рутица. [20] «БетIергьанас баркат лъегийин
досда, чIагоязеги хваразеги ритIухъав вуге-
лъул!» – ин абуна НогIомица нусалда. НогIо-
мица тIадеги жубана: «Дов чи нилъер гIагарав
чи ккола. Досда кIола нилъее кумек гьабизе»**.

[21] МогIавияй Рутица абуна: «Жиндир хур-
зал ракIарун лъугIизегIан жиндир хурзабахъ ва
жиндир хIалтIухъабазда аскIой йикIайиланцин

---

* 2:17 АнцIила анлъго килогIанасеб жо.

** 2:20 ЖугьутIазул динияб гIадаталда рекъон, «гIагарав чи» абулеб рагIул цоги хасаб магIна букIана. Росги хун,

абуна дос дида». 22 НогIомица абуна жиндирго
нус Рутида: «Досда цере хIалтIулел руччабаз-
да цадахъ мун йикIине йигеблъи лъикI буго,
дир яс, ва гьедин бугони, лъицаго мун инжит-
хIакъир гьайизеги гьечIо».
23 Хурзабазухъа пурчIина ва ролъ бакIарун
лъугIизегIан*, БогIазида цере хIалтIулел рučча-
базда аскIой чIун хIалтIана Рут, гьелъул чIейги
жиндирго якьадалъул бакIалда букIана.

### *Рут гьоцIие БогIазихъе ин*

3 1 Якьад НогIомица гьелда абуна: «Мунго
юссине цо рукъ-къай балагьун лъикI гу-
рищ, дир яс, дуего санагIат букIине? 2 Доле,

---

лъимерги нахъе течIого васги хун, жийгоги херлъун цо пуланай гIадан хутIани, гьезул гIагарлъиялъул бищун цевесев чиясда тIадаб букIана гьелъул тIалаб-агъаз гьабизе. Гьединго гьес бецIун босизе кколаан гьезул хутIараб балъ ва гьелдаго цадахъ къоролльуда хутIарай нусги ячине кколаан лъадилъун. Гьесда тIадаб букIана хварасул цIар тIагIине биччачIого, гьей гIадамалъ гьавурав вас хварасул васлъун рикIкIун хьихьизе, ва тIаде жиндирго рахъалдасаги жубан, доб тIолабго бецIун босараб балъ гьесие ирсалъе кьезе.

* 2:23 ПурчIина ва ролъ хурзабахъа бакIарулаан апрель моцIрол ахиралдаса байбихьун, июнь моцIрол авалалде щвезегIан.

мунгун цадахъ хIалтIулел рукIарал лъилъару-
хъабазул бетIергьанлъун кколев дов БогIаз гу-
ревищ нилъер гIагарав чи? Къаси дос гьоцIиб
пурчIинадул лал рехулеб буго. [3] Гьанже дуца
гьумер-кIал ва черх чуре, гьуинаб махIалъул
нахги бахе ва бищун берцинаб ретIелги ретIе.
Мун гьоцIие а, амма дов квана-гьекъон лъу-
гIизегIан досда йихьизе чIоге. [4] Дов кьижизе
вегулеб бакI лъазабе, хадуй инеги ун, досул
хIатIаздаса юргъан нахъе гьабе ва гьесул хIа-
тIаахада ега; хадуб гьабизе кколеб дос бицина
дуда», — ян.

[5] «Дуца абураб гьабила дица», — ян жаваб
кьуна Рутица. [6] Гьей гьоцIие ана ва кинабго
якьадалъ малъухъе гьабуна.

[7] БогIаз гIорцIизегIан кванана ва гьекъана,
ва ракI разиго тIорщалил гIариялда нахъа кьи-
жизе вегана. Гьавугьинго аскIоеги ун, юргъан-
ги тIаде борхун, Рут гьесул хIатIаахада егана.
[8] Сордо бащалъараб мехалда гьев тIуркIун вор-
чIана, хьибил сверизе лъугьиндал, жинда ас-
кIой чIужугIадан йикIин бихьана.

[9] «Мун щий кколей?» — ян гьикъана гьес.
«Дун йиго дур лагъ Рут, — ян жаваб кьуна
гьелъ. — Мун гIагарав чи вугелъул, дида тIаде-
ги дурго кваркьи баче дуца».

[10] «БетIергьанас баркат лъеги дуда, дир яс» —
ан жаваб кьуна гьес. «Дуца цебе гьабуралдасаги
гьаб иш жеги къиматаб буго: мун гIолохъанал
васал ралагьизе лъугьинчIелъул — я бечедал,
я мискинал. [11] Гьанже, дир яс, мун сункьаго
хIинкъуге. Дица кинабго гьабила дур гьариялда
рекъон; гьаб шагьаралда киназдаго лъалелъул
мун намус бацIцIадай гIадан йикIин. [12] Дун
хIакъикъаталдаги дур гIагарав чи ккола, амма
дидаса гIагаравгиййин вугев. [13] Мун рогьинегIан
гьаний чIа; радал, досие бокьани жиндирго ихтиярaлдаса пайда босизе, гьедин букIине те.
Амма дос инкар гьабуни, гьале, Жив хIакъав
БетIергьанасул цIар бахъун гьедула дун дуе,
дица гьабила гьебмехалда дур тIалаб. Кьижа,
рогьине жеги гIезегIан мех бугин».

[14] РогьинегIан гьей гьесул хIатIаахада кьижана ва хъахIлъи балелде тIаде яхъана. ЧIужугIадан гьоцIие ячIун йикIин лъидаго лъачIого лъикI букIинилан пикру гьабуна БогIазица.
[15] Гьес абуна: «Дуда тIад ретIун бугеб гIаба босе
гьанибе ва дида цебе ккве гьеб». Рутица гьедин гьабидал, анлъго роцен* пурчIинадул бана
гьелъул гIабаялде тIаде ва мугъалде бахинабизе

* **3:15** ГIага-шагарго анлъго бетIер гьабун цIураб сахI = 25 кг.

гьелъие кумек гьабуна. Цинги шагьаралде нух
босана гьес.
[16] Рут жиндирго якьадалъухъе тIад юссин-
дал, НогIомица цIехана: «Щиб ккараб, дир
яс?» – ин.
Рутица бицана кинабго БогIазица гьабураб
лъикIлъи [17] ва тIаде жубана: «ЧIоёго якьадалъ-
ухъе тIадюссунгеянги абун, гьале гьаб анлъго
роцен пурчIинадул кьуна дос дие».
[18] НогIомица абуна: «Гьанже, дир яс, мун
балагьун чIа, кватIичIого лъала дуда гьаб иша-
лъул ахир. Жакъаго гьалъул цо хIасил ккечIого
досул ракI сасине гьечIо» – ян.

### *БогIазица Рут лъадилъун ячин*

**4** [1] БогIаз шагьаралъул кавабахъе* щвана ва
гьенив гIодов чIана. БогIазица жиндир хIа-
къалъулъ бицунеб букIарав дов гIагарав чи це-
весан унев вихьидал, БогIазица ахIана: «Гьа-
ниве вачIа, дир вац, гIодов чIая цо!» АскIове
вачIун гIодов чIана дов.

---

* **4:1** Шагьаралъул кавабахъ букIунаан доб заманалда ГIизраилазул годекIан.

[2] БогIазица ахIана шагьаралъул анцIго кIу-
дияв чи ва гьезда абуна: «ГIодор чIа гьанир».
Гьел гIодор чIана.

[3] Хадув гьав кIалъана дов гIагарав чиясда:
«МогIавиялдаса тIадюссарай НогIомица ракь
бичулеб буго. Гьеб ккола нилъер гIагарав чи
Эли-Маликил балъ. [4] Дица хIисаб гьабуна гьеб
иш дуда лъазабизе ккелин; бичун босе гьеб,
гьал киналго гьанир гIодор чIун ругезда ва
жамагIаталъул кIудиял чагIазда цебе. Босулеб
батани босе, босулареб батани, босулареблъи
лъазабе дида. ТIоцебесеб ихтияр дур бугелъул,
дун дуда хадусев ккола», – ян.

«Дица бичун босила гьеб», – ин абуна дос.

[5] Цинги БогIазица абуна: «Дуца гьеб ракь
бичун босараб къоялъ, дуца ячине ккола хвара-
сул йикIарай лъади, къоролай могIавияй Рут-
ги. Гьелъие гьавурав васги гIезавизе ккола гьеб
ракь хварасул наслуялъе хутIизе». [6] Гьелда дан-
де дов гIагарлъиялъул чияс жаваб кьун абуна:
«Гьедин батани, дида кIоларо гьеб ракь бичун
босизе, щайгурелъул дирго бугебги магIишат
биххула дир гьебмехалда. Дур букIа абе ихтияр,
дида кIоларо гьеб босизе».

[7] Цебе заманаялда ГIизраилалда букIана гьа-
динаб гIадат: цояс цоясухъе цо жо бецIун бо-

сизе, ялъуни мулкалъул бетIергьанлъи гьабизе
жиндирго бугеб ихтияр кьолеб бугони, гьабу-
раб къотIи щула гьабизелъун, гьев чияс тIаса
бахъулаан жиндирго хьит ва гьеб кьолаан дов
жиндица ихтияр тIаде босулев чиясухъе. ГIиз-
раилалъул халкъалъул гIадаталда рекъон гье-
дин тасдикъ гьабулаан къотIи.

[8] ГIагарлъиялъул чияс абуна БогIазида: «Ду-
цаго босе», — ян. Ва гьес жиндирго хьит ба-
хъун кьуна гьесухъе. [9] Гьебмехалда БогIазица
кIудиял чагIазда ва кинабго жамагIаталда ра-
гIизабун абуна: «Гьале нуж руго жакъа нугIзал-
лъун: дица НогIомихъа босулеб буго кинабго
Эли-Маликил, Килеонил ва МахIлонил букIа-
раб милк. [10] Гьединго, МахIлонида йикIарай
могIавияй Рутги ячуней йиго дица лъадилъун,
МахIлонил букIараб магIишат гьелъул лъима-
лазе ирсалъе щвезе ва гьесул агьлу тIагIинчIого
букIине нилъер шагьаралда. Нуж киналго руго
гьелъие нугIзаллъун».

[11] Цинги, киналго шагьаралъул кавабахъ ру-
кIараз ва кIудиял чагIаз абуна: «У, ниж руго
нугIзаллъун! БетIергьанас, жиндидасан ГIизра-
илил халкъ бижарал Ракелги Леаги гIадин гьа-
еги дур минаялъуе жание лъугьуней йигей дур
лъади ва гIемерал лъимал гьареги гьелъ дуе! Эф-

раталда къудрат цIикIкIаги дур, Бетлегьемалда
машгьурлъаги мун! [12] Биччанте гьелдалъун Бе-
тIергьанас кьураб наслуялъ дур тухум, Тамарица
Ягьудае гьавурав Парецил гIадинаб букIине».

### *Давудил умумузул рахас*

[13] БогIазица Рут лъадилъун ячана. Гьев гьел-
да аскIов вегана, ва БетIергьанас гьелъул ур-
гьибе лъимер кьуна ва гьелъие вас гьавуна.
[14] Руччабаз НогIомида абулеб букIана: «Рецц
БетIергьанасе! Гьес мун ирсилав камун течIо.
ГIизраилалдаго цIар рагIарав вахъаги гьев вас!
[15] Гьес цIигьабила дур гIумру, ва херлъараб ме-
халъ дур тIалабги гьабила. Мун йокьулей ва ан-
кьго васасдасаги дуе лъикIай дур нусалълъидал
гьев гьавурав».

[16] НогIомица кодове вачун хьихьана гьев вас.
[17] Мадугьалихъа руччабаз абулеб букIана: «Но-
гIомие вас гьавуна», — ян. Гьез гьесда Овид
абун цIар лъуна. Гьев вахъана Давудил эмен
Йишавил эменлъун.

[18] Гьале Парецил наслуялъул рахас:
Пареције гьавуна ХIецрон;
[19] ХIецроние гьавуна Рам;
Рамие гьавуна ГIаминадав;

20 ГIаминадавие гьавуна НахIшон;
НахIшоние гьавуна Шалмон;
21 Шалмоние гьавуна БогIаз;
БогIазие гьавуна Овид;
22 Овидие гьавуна Йишав;
Йишавие гьавуна Давуд.



# Эстер

## Эстерил хIакъалъулъ тIехь

Гьаб тIехьалда хъвараб лъугьа-бахъин ккана Шушан абулеб шагьаралда, Персиялъул парччахI Ахашверошил кIалгIаялда. Шушан букIана некIсияб шагьар; Вавилоналдаса 320 километралъ рикIкIад букIана гьеб. ПарччахI Ахашверош (Ксеркс I) вукIана цебесеб эраялъул 486–465-лел соназ Персиялда тIад парччахIлъун.

Ахашверошил лъади Ваштица гьес абураб рагIи тIубазабизе инкар гьабидал, гьес гьей ятIа гьаюна ва гIолохъанай Эстерин абун цIар бугей жугьутIазул яс ячана ва гьей цIияй бикалъун гьаюна. Гьей йикIана бесдалай. Гьелъул вацгIал Мардохайица жиндирго ясалъул бакIалда тун хьихьун йикIана гьей. Мардохай вукIана парччахIасул хъулухъчи. Мардохайица лъазабуна Эстерида жий жугьутIай йикIин лъидаго бицунгейин.

Ахашверошил кIиго ахтаяс парччахI чIвазе хIилла ургъидал, Мардохайида гьеб иш лъана,

парччахIасухъе гьелъул хабар щвезабуна ва гьединан парччахIасул гIумру цIунана.

ПарччахIасул вазирзабазда гьоркьов бищун тIадегIанавлъун вукIана Гьаман. Мардохайица жинда цебе наку чIвалеб гьечIолъи бихьидал, Гьамание гьев кутакалда рихана ва парччахIасдасан, гьесул парччахIлъиялда ругел киналго жугьутIал чIвазе ихтияр бугеб буюрухъ тIалаб гьабуна. Хадуб тIехьалда бицунеб буго Эстер жиндирго халкъ хвасар гьабизе гIоло жиндирго рухIалдацин барахщичIолъиялъул.

Хадуб Мардохайицаги Эстерицаги хъвана киналго жугьутIаз лъагIалидаса лъагIалиде Пурим байрам тIобитIеян лъазабураб кагъат, жалго доб мехалда кин хвасарлъараблъи ракIалде щвезабун. Пурим ккола рохалил байрам. «Пур» абураб рагIул магIна ккола «можоро». ЖугьутIазул тушман Гьаманица можоро тIамун букIана жугьутIал гъурулеб къо тIаса бищизе гIоло, гьединлъидал гьеб байрамалда Пурим абула.

Цебесеб эраялъул 722–721 соназ Ассириялъул империялъ бахъун букIана ГIизраилалъул шималияб рахъ. ГIемерал жугьутIалги асирлъуде рачун ана доб мехалда Ассириялде. Цебесеб эраялъул 587-леб соналъ Вавилоналъул импе-

риялъ бахъана ГIизраилалъул югалъулаб рахъ (ай, Ягьудия). Гьединго гIемерал жугьутIалги рачун ана Вавилоналде асирлъуде.

Цебесеб эраялъул 539-леб соналъ парсаз ва мадаяз бахъана Вавилон. Гьебго эраялъул 537–536-лел соназ Вавилоналда рукIарал жугьутIазе ихтияр щвана ГIизраилалде – жидерго ватIаналде тIад руссине. Амма гIемерисел тIад руссинчIо. Гьединлъидал, Мардохайги Эстерги гIадал гIезегIан жугьутIал рукIана Персиялъул шагьаразда гIумру гьабун чIарал.

Гьаб тIехьалда Аллагь рехсолев гьечIониги, Аллагьас батIи-батIиял чагIаздаса ва гьезул ахIвал-хIалалдаса пайда босула жугьутIал цIунизе. Эстер ва Мардохай тIатIала квералги лъун чIечIо, гьел жидерго халкъ цIуниялъе гIоло къеркьана ва гьезие Аллагьас кумек гьабуна.

*ТIехьалда буго*

Ваштие гьабураб тамихI (1:1-22).
Эстер бикалъун яхъин (2:1-18).
Мардохайил ритIухълъи (2:19-23)
Гьаман ягьудиял тIагIинаризе ургъи (3:1-15).
Мардохайица Эстерида кумек гьари (4:1-17).
Эстерил гьари (5:1-8).
Гьаман Мардохай чIвазе ургъи (5:9-14).

Эстерил хIакъалъулъ тIехь

Парччахlас Мардохай кIодо гьави (6:1-14).

Парччахlас Гьамание гьабураб жаза (7:1-10).

Ягьудиязе жалго цIунизе парччахIас изну кьей (8:1-17).

Ягьудиязул бергьенлъи (9:1-19).

Пурим байрам (9:20-32).

Мардохайил кIодолъи (10:1-3).

## *Вахтие гьабураб тамихI*

**1** 1 Гьаб лъугьа-бахъин ккана Ахашверошил
зманалда. Гьиндустаналдасан Эфиопиял –
щвезегIан нусиялда къоло анкьго вилаяталда
тIад парччахIлъун вукIана гьев Ахашверош.
2 Доб заманалда Шушан абулеб шагьарал-
да бугеб хъалаялда букIана парччахIасул тах.
3 ПарччахIлъун вахъун лъабабилеб соналъ гьес
жиндирго киналго чIухIбузе ва чукъбузе гIу-
цIана кIудияб сухIмат. Гьенире ахIана Перси-
ялъул ва Мадаялъул аскаразул бутIрул, чIухI-
би ва вилаятазул сардарал. 4 Нусиялдаункъого
къоялъ гьоркьоса къотIичIого бихьизабуна гьес
жиндирго парччахIлъиялъул гуч, бечелъи, ва
жиндирго къадру-къиматалъул кIодолъи.
5 Хадуб Шушан хъалаялъул кинабго хал-
къалъе парччахIасул кIалгIаялъул ахикь гIу-
цIана квана-гьекъей; мискинал-бечедал батIа

гьаричIого, тIолабго гIаламалъе гьабуна анкьил
сухIмат. [6] ХъахIал ва канчIхъахIилал, хирияб
харайдул гьарурал пардавалги ригъун къачIан
букIана ах. Гьел пардавал, хъахIал ва билбагIа-
рал кваралги цIан, рухьун рукIана мармаралъул
хIубазда тIад рарал гIарцул горазда. Меседил ва
гIарцул тахбакIал лъун рукIана порфир, мар-
мар, гьулимаргъал ва цоги батIи-батIияб хирияб
гамачI гIодоб бекьун къачIараб азбаралда.
[7] Чагъир гьекъолеб букIана батIи-батIиял,
цояздаса цоял берцинал меседил щурмазухъе
тIун ва гьеб парччахIасул чагъир гьесул сахават-
лъиялда рекъон гьарзаго тIолеб букIана. [8] Жив-
жив чияс жиндиего бокьарабгIан гьекъолеб бу-
кIана гьеб, щайгурелъул, парччахIас жиндирго
вазирзабазе буюрухъ кьун букIана халкъалъул
щивав чиясе бокьарабгIан чагъир тIеян.
[9] ПарччахIасул кIалгIаялда, парччахIасул
лъади Ваштицаги гIуцIана руччабазе сухIмат.
[10] Анкьабилеб къоялъ гьекъон кепалда вугев
парччахI кIалъана гьесда цере хIалтIулел анкь-
го ахтабазда*, – гьезул цIарал рукIана Мегьу-
ман, Бизтан, Харбон, Бигьтав, Авагтан, Зетар

* **1:10** Ахтаян абула бихьинчилъиялъул къуваталдаса ма-
хIрум гьавурав чиясда. Ахтаби рукIунаан парччахIзабазул
божи бугел, къадру-къимат цIикIкIарал хъулухъчагIилъун.

ва Каркас. [11] ПарччахIлъиялъул тажги ботIрода
лъун Вашти бика жинда цее ячеян буюрухъ кьу-
на гьес – халкъалда ва чIухIбузда гьелъул бер-
цинлъи бихьизабизе – гьей кутакалда гьайбатай
гIадан йикIиндал. [12] Амма парччахIасул чIужу
Ваштица инкар гьабуна парччахIас ахтабаздаса
кьураб буюрухъалда рекъон гьесда цее ячIине.
Гьебмехалда кутакалда ццин бахъана парччахIа-
сул ва битIахъе гьалаглъана гьев.

[13] Гьес гьеб иш жиндирго расму-къанун лъа-
лел гIакъилзабазда данд бана – парччахIасул
гIадат букIана гьабулеб жо киналго гIакъил-
забазда дандбан гьабулеб. [14] Гьесул бищун це-
реселлъун рукIана Каршен, Шетар, Адматан,
Таршиш, Мерес, Марсена ва Мемухан – гьел
анкьалго Персиялъул ва Мадаялъул чIухIбузул
ихтияр букIана бокьараб мехалъ парччахIасда
цере рачIине ва парччахIлъиялда жаниб бищун
цIикIкIараб кьадруги букIана гьезул.

[15] ПарччахIас ахтаби гьоркьор ккун лъазабу-
раб амру тIубазабичIей Ваштида, къануналда
рекъон, щиб гьабизе кколебин цIехана парч-
чахIас гьезда.

[16] ПарччахIасда ва чIухIбузда цеве вахъун
гьадин кIалъана Мемухан: «Цо парччахIасда
цее гурейги, киналго чIухIбузда ва парччахI

Ахашверошил киналго вилаятазул тIолал-
го халкъазда цее гIайибияй йиго Вашти бика.
[17] Гьанже киналго руччабазда лъазе буго гьелъ
гьабураб жо ва „живго парччахI Ахашверошица
жиндихъе Вашти бика ячеян буюрухъ кьедал,
гьелъ инкар гьабуна ячIине“, – янги абун, роса-
базул тIокIалъ адаб-хIурмат гьабиларо лъудбуз.
[18] Гьанже Ваштица гьабураб рагIарал Персия-
лъул ва Мадаялъул къадру-къимат тIадегIанал
руччабазги гьединго абила киналго парччa-
хIасул чIухIбузда ва росабазухъ гIенеккиларо,
цинги дагIба-рагIи ва инжитлъи гIемерлъила.
[19] Гьединлъидал, парччахIасе къабуллъани, бич-
чанте гьес тIокIаб хисизе рес гьечIеб ва Перси-
ялъулгун Мадаялъул къануналдаги хъвазабураб,
парччахI Ахашверошида цее Вашти ячIине гьу-
къараб буюрухъ кьезе. Гьелъул бикалъиялъул
цIарги цоги, гьелдаса тIокIай чIужугIаданалъе
кьезе биччанте парччахIас. [20] Гьеб парччахIасул
буюрухъ гьесул кIудияб парччахIлъиялда киса-
кибего лъазабун хадуб, тIолалго руччабаз адаб-
хIурмат гьабизе буго жидерго росабазул, бече-
дал-мискинал батIалъи гьечIого».

[21] Гьеб рагIи рекIее гIуна парччахIасе ва гье-
сул чIухIбузе, ва Мемуханица абухъе гьабуна
гьес гьеб иш. [22] ПарччахIлъиялъул тIолалго ви-

лаятазде, щибаб халкъалъухъе, гьезул жидерго
мацIазда ва гьезул жидерго хъвай-хъвагIаязда
рекъон, ритIун ана кагътал. «Бихьинчи вукIи-
не ккола жиндирго хъизан-рукъалъул бетIер-
лъун», – абун хъван букIана гьел кагътазда ва
жиб-жиб мацIалда ахIун лъазабуна гьеб.

### *Эстер бикалъун яхъин*

2 [1] Пуланаб заман ун хадуб парччахI Ахаш-
верошил ццин чучана ва гьесда ракIалде
щвана Вашти, гьелъ гьабураб жо ва гьелъие
гьабураб тамихI. [2] Гьебмехалда чукъбуз абуна
парччахIасда: «Риччанте берцинал гIолохъанал
ясал ралагьизе парччахIасе. [3] Жиндирго божа-
рал чагIи ритIе абе парччахIас парччахIлъия-
лъул тIолалго вилаятазде, киналго берцинал
ясал Шушан хъалаялде парччахIасул руччаба-
зул рокъоре ракIаризе. ПарччахIасул ахта ва
гьесул руччабазул тадбирчи Хегайида тIадкъазе
биччай гьезул тIалаб гьабизе ва махI гьуинал
нахалги кье абе гьезие черхалда рахине. [4] Бич-
чанте парччахIасул берда бищун берцин йихьа-
рай яс Ваштил бакIалда бикалъун тезе». Гьеб
рагIи парччахIасе рекIее гIуна ва гьедин гьаби-
зеги разилъана гьев.

5 Доб заманалда Шушан шагьаралъул хъа-
лаялда вукIана Мардохай абун цIар бугев
ягьудияв. Гьесул инсуда цIар Яир, Яирил ин-
суда цIар Шими, Шимил инсуда цIар Киша
букIана ва гьевги вукIана Буняминил кьиби-
лалъул чи. 6 Цо кидаялиго Вавилоналъул пар-
ччахI Навуходоносорица Иерусалималдаса
гочинавун вукIана гьев Ягьудиялъул парччахI
Иехониягьида цадахъ асир гьабураб халкъгун.
7 Мардохайица хьихьулей йикIана жиндирго
бесдал хутIарай яцгIал Хадасса, гьейги – Эс-
тер. Гьей йикIана берцинай, гьайбатаб лага-
черхалъул яс. Гьелъул эбел-эмен хун хадуб
Мардохайица жиндирго ясалъул бакIалда тун
хьихьана гьей.

8 Гьеб парччахIасул аманат къватIибе загьир
гьабун хадуб, гIемерал ясал ракIарун Шушан
хъалаялде щвезаруна ва гьел Гьегайида тIад-
къана. Эстерги ячана парччахIасул кIалгIаялде
Гьегайихъе, гьев вукIиндал руччабазул рукъа-
лъул тадбирчи. 9 Гьей яс рекIее гIуна Гьегайие
ва гьесул ракI рекъана гьелда; гьес хехлъи гьа-
бун гьелъие чIезаруна махI берцинал нахал-
ги ва гьелъие кколеб квен-тIехги. Гьес гьелда
аскIор рахъун чIезаруна парччахIасул рокъоса
тIаса рищарал анкьго гъаравашал ва гьелгун

цадахъ руччабазул рокъоб бищун лъикӀаб ба-
кӀалде яхъинаюна.
[10] Эстерица гьезда бицинчӀо, я жиндир-
го халкъалъул, я гӀагарлъиялъул, щайгурелъул
Мардохайица гьеб бицунгеян лъазабун букӀин-
дал. [11] Щибаб къоялъ вачӀунаан Мардохай руч-
чабазул рукъалда цеве, Эстерил сахлъи цӀехезе
ва гьелъул ахӀвал-хӀал лъазабизе.
[12] Щияй яс анцӀила кӀиго моцӀалъ хӀадури-
зе кколаан, руччабазе бихьизабураб къагӀи-
даялда, парччахӀ Ахашверошихъе ине жинде
ирга щвезегӀан. Гьеб букӀана нах бахун черх
лъухьизе чӀезабураб заман: анлъго моцӀалъ
кутакалда хирияб мирралъул нах бахунаан,
цоги анлъго моцӀалъ батӀи-батӀиял махӀ гьуи-
нал нахал рахунаан. [13] Хадуй яс унаан парчча-
хӀасда аскӀое. Гьей парччахӀасул кӀалгӀаялъуе
гьесда цее ине къачӀалаго, гьелъ гьарараб бо-
кьараб жо тӀаса бищун кьолаан гьей ясалъе.
[14] Къаси гьей парччахӀасда аскӀое унаан, на-
хъисеб къоялъул радал цогидаб, ахта Шааш-
газил тадбиралда гъоркь бугеб парччахӀасул
лъудбузул рокъое юссунаан. Шаашгаз вукӀана
гьезул тадбирчи. ТӀокӀай гьей парччахӀасухъе
унароан – парччахӀасе жиндиего бокьун гьес
цӀар ахӀун гурони.

[15] Мардохайица жиндирго яс гIадин хьи-
хьарай гьесул яцгIал, Абихалилил яс Эстериде
парччахIасухъе ине ирга щведал, гьелъ ясазул
тадбирчи Гьегайица малъараб жо тун, тIокIаб
щибго тIалаб гьабичIо. Эстер йихьаралщиназе
рекIее гIолей йикIана.
[16] ПарччахI Ахашверошил кIалгIаялде Эс-
тер ячана ичIабилеб моцIалъ, гьеб ккола тевет*
моцI. Гьеб букIана Ахашверош парччахIлъун
вахъун анкьабилеб сон. [17] ПарччахIасе тIолалго
гьесул лъудбуздаса Эстер хиралъана; киналго
ясазда гьоркьобги бищунго гьелда ракI рекъа-
на гьесул. Гьес гьелъул ботIрода парччахIлъи-
ялъул таж лъуна ва Ваштил бакIалда бикалъун
гьаюна. [18] Хадуб парччахIас, Эстер кIодо гьаюн,
тIолалго жиндирго чIухIбузе ва чукъбузе гьабу-
на кIудияб сухIмат; щибаб вилаят рази гьабуна
ва сахаватго парччахIасул рахъалъ сайигъатал
рикьана.

### *Мардохайил ритIухълъи*

[19] КIиабилеб нухалъ ясал данде ахIулаго,
Мардохай вукIана гIодов чIун парччахIасул

---

* **2:16** ГIага-шагарго декабрь-январь моцI.

кавабахъ. [20] Эстерица бицун букIинчIо же-
ги жиндирго халкъалъул ва гIагарлъиялъул,
щайин абуни Мардохайица гьедин лъазабун
букIиндал гьелда. Мардохайица малъараб
гьабулеб букIана Эстерица гьанжеги, гьесул
рокъой гьес хьихьун жий йикIараб мехалъго
гIадин.

[21] Цо пуланаб къоялъ парччахIасул ка-
вабахъ Мардохай гIодов чIун вукIаго, пар-
ччахIасул кавудал хъаравулзабилъун тарал
кIиго ахтаби – Бигътан ва Тереш кутакалда
ццидахун рукIана ва парччахI чIвазе гъор-
кьанго къотIи гьабуна. [22] Мардохайида лъана
гьеб иш ва парччахI Эстерида бицана, Эсте-
рицайин абуни парччахIасда лъазабуна гьеб
Мардохайил цIаралдасан. [23] Гьеб ишалъул
мухIканго хал-шал гьабуна, хIилла-рекIкI
тIатана ва хиянатчагIи хIободаги ран чIвана.
Гьеб кинабго парччахIасда цебе гьесул къо-
йил лъугьа-бахъиназул тIад хъвай-хъвагIай
гьабулеб, парччахIлъиялъул тарихалъул тIе-
хьалда хъвана.

### *Гьаман ягьудиял тIагIинаризе ургъи*

3 [1] Гьелдаса заман ун хадуб, парччахI Ахаш-
верошица тIадегIанлъизавуна АгагIил нас-
луялъул чи Гьамедатил вас Гьаман. Гьес гьев
киналго чIухIбузда гьоркьоб бищун борхатаб
бакIги кьун, кIодо гьавуна. [2] ПарччахIасул ка-
вудахъ гьесда цере хIалтIулел киналго чукъби,
Гьаманида цере наку чIван къулулаан, гьеди-
наб букIиндал парччахIасул буюрухъ. Амма
Мардохайица чIвалеб букIинчIо гьесда цебе
наку ва бетIерги къулулеб букIинчIо гьесие.
[3] «Аб щай дуца парччахIасул амру тIубаза-
булареб?» – ан цIехолеб букIана Мардохайида
парччахIасул кавудахъ хъулухъ гьабулел чукъ-
буз. [4] Къоялдаса къоялде гьедин гаргадулаан
гьел, амма гьес гIинцин тIамулеб букIинчIо.
Цинги гьез кинабго Гьаманида бицана, Мар-
дохайида жиндирго рагIудаса кьуричIого чIе-
зе кIолищали хIалбихьизе – Мардохайица жив
ягьудияв вугин бицун букIиндал гьезда.
[5] Мардохайица жинда цебе наку чIвалеб гье-
чIолъи ва гьес жиндие бетIер къулулеб гьечIо-
лъи бихьидал, Гьаманил кутакалда ццин бахъа-
на. [6] Амма цохIо Мардохай тIагIинави цIакъго
гIодобегIанаб ишлъун бихьана гьесда. Гьесда

бицана щиб халкъалъул чи Мардохай кколева-
ли. Гъединлъидал Гъаманил къасд ккана тIо-
лабго Ахашверошил парччахIлъиялда бугеб,
кинабго Мардохайил халкъ – ягъудиял гъуризе.
7 Ахашверош парччахIлъун вахъун анцIила
кIиабилеб соналъул тIоцебесеб моцIалъ, ай,
нисан моцIалъ*, Гъаманида цебе рехана «пур»,
ай, можоро**, жиб-жиб къоялъе ва моцIалъе.
Можоро анцIила кIиабилеб моцIалде***, ай,
адар моцIалде ккана.
8 Гъаманица абуна парччахI Ахашвероши-
да: «Дур парччахIлъиялъул киналго вилаятазул
тIолалго халкъазда гьоркьоб тIибитIараб, амма
гьезие чияраб цо халкъ буго. Гьезул къанунал-
ги цогидал халкъазулалда релълъарал гьечIо ва
парччахIасул къануналги гьез гIадахъ росуларо.
ПарччахIас гьеб жо хIехьезе бегьиларо. 9 Парч-
чахIасе бокьани, биччанте гьес буюрухъ кьезе
гьеб халкъ тIагIинабеян, цинги дица цIан ан-
цIазарго талант**** гIарцул кьела парччахIасул

---

* 3:7 Ихил авал.

** 3:7 Гьеб можоро тIамуна жугьутIал чIвалеб къо тIаса бищизе гIоло.

*** 3:7 Хасалил ахир.

**** 3:9 Лъабнусиялда кIикъоялда анцIго тонна.

гIарац-меседалъул тIалаб гьабулел рагьтIатела-
зухъе гьесул хазинаялде тIаде жубазе».
[10] ПарччахIас жиндирго килщидаса бахъун,
парччахIасул мугьру тIад бикIараб баргъич
кьуна агагIияв Гьаммедатил вас Гьаманихъе,
ягьудиязул тушманасухъе. [11] Гьес абуна Гьама-
нида: «Гьеб гIарацги дур, ва гьеб халкъалдаги
дуего бокьараб гьабе», — ян.
[12] ТIоцебесеб моцIалъул анцIила лъабабилеб
къоялъ ахIана парччахIасул катибал*; Гьама-
нил аманаталда рекъон хIадурана буюрухъ ва
хъвана кагътал. Гьел буюрухъ тIад хъварал ка-
гътал ритIана парччахIасул вилаятазул бутIру-
зухъе, щибаб вилаяталъул сардарасухъе, кинал-
го халкъазул нуцалазухъе, щибаб халкъалъухъе
гьезул жидерго мацIалда ва хъвай-хъвагIаялда
рекъон. Гьел кагътал хъвана парччахI Ахашве-
рошил цIаралдасан ва гьесул мугьруги чIвана
гьезда.
[13] ПарччахIасул тIолалго вилаятазде ритIана
чапарзаби гьеб буюрухъгун, гIисинал-чIахIиял
батIалъи гьечIого, лъималгун ва руччабигун
киналго ягьудиял цохIо къоялда жанир — ан-
цIила кIиабилеб моцIрол анцIила лъабабилеб

* **3:12** ПарччахIасул киналго хъвай-хъвагIаялъул хIалтIа-
би тIуразарулел хъулухъчагIи.

къоялъ, ай, адар моцIалъ – гъурун, чIван тIа-
гIинареян, ва гьезул боцIи-рикъзиги хъамал
гьабеян.
14 Къануналъулалда бащад жиндир кIвар
бугеб гьеб хъвай-хъвагIаялъул кагътал кинал-
го вилаятазда тIиритIизареян, ва, киналго
халкъазда рагIизе ва гьел гьеб къоялде хIаду-
рун рукIине, гьелъул гIакIа ахIеян лъазабуна.
15 ПарччахIасул амруялда рекъон чапарзаби
хехлъи гьабун нухде рахъана. Гьеб буюрухъа-
лъул Шушан хъалаялда гIакIа ахIана. ПарччахI
ва Гьаман сухIмат-кепалде журана, Шушан
шагьарин абуни кIудияб ургъаликье ккана.

### *Мардохайица Эстерида кумек гьари*

**4** 1 Гьеб хабар рагIидал Мардохайица, бихъ-
бихъун тIад букIараб ретIелги бан, хIебет
ретIана ва ботIроде рахъуги бан, шагьар ба-
кьулъеги ун, кIудияб гьаракьги биччан гIода-
на*. 2 Гьеб хIалалда парччахIасул кIалгIаялъул

* 4:1 Доб заманалда кIудияб балагь ва къварилъи тIаде бачIарав чи, ялъуни халкъ бугони, бихъун тIад бугеб ретIелги бан хIебет ретIулаан ва ботIроде рахъуги бан, биччан гьаракьгун гIодулаан. КIалги ккун Аллагьасде ахIиги балаан, гурхIел-рахIму гьарун.

кавуда цеве щвезегIан ана гьев, хIебет тIад
ретIарав чи парччахIасул кIалгIаялде жани-
ве лъугьине гьукъун букIиндал. [3] Гьеб буюрухъ
ва парччахIасул амру рагIанщинаб вилаяталда
ягьудиял кIудияб къварилъиялде ккана, кIа-
лалги ккун, кIудиял гьаркьалги риччан гIода-
на; гIемерисел, ретIун хIебетгун, рохъдолъ кIа-
лагъоркье регана.

[4] Эстерил гъаравашал ва ахтаби рачIун гьез
гьелда Мардохайил ахIвал-хIал бицана. Гьел-
да кIудияб ургъел чIвана ва гьелъ Мардохайие
ретIел битIана, хIебетги бахъун, тIад ретIине.
Амма гьес инкар гьабуна. [5] Цинги Эстерица,
ГьатахIин абулев, гьелъие хъулухъалъе чIеза-
вурав парччахIасул ахта ахIизавуна жиндихъе-
го ва гьесда тIад къана гьеб киналъулго магIна
щиб кколебин, ва сунца гьесул рахIат хвезабун
бугебин Мардохайида цIехезе.

[6] ГьатахI ана Мардохайихъе, парччахIасул
кIалгIаялъул кавабазда цебе бугеб, шагьаралъул
майданалде. [7] Мардохайица ГьатахIида бицана
кинабго ккараб жо, ва Гьаманица, ягьудиял
гъураралъухъ, парччахIасул хазинаялде тIаде
жубазе рагIи кьураб гIарцул къадарги абуна.
[8] Шушаналда къватIибе бахъараб, ягьудиял
гъуреян хъвараб амруялъул кагъатги кьуна гьес

ахтахъе Эстерида бихьизабизе ва кинабго кка-
рабщинаб гьелъие баян гьабизе. Мардохайица
гьесда абуна: «Гьелда лъазабе, парччахIасухъе-
ги ун, жиндирго халкъалъе гурхIел-рахIму гьа-
реян гьесдасан».
[9] ГьатахI тIадвуссана ва кинабго Мардохайи-
ца бицанщинаб жо Эстерида лъазабуна. [10] Ам-
ма Эстерица гьадинаб жавабги босун ГьатахI
Мардохайихъе витIана: [11] «ТIолабго парччахIа-
сул чукъа-рахьаналда ва киналго гьесул вилая-
тазул халкъазда лъала: нагагьлъун, бихьинчи-
чIужугIадан батIалъи гьечIого, цониги чи
парччахIасул кIалгIаялда бугеб жанисеб аз-
баралде, гьес ахIичIого, гьесда цеве вачIани,
къануналда рекъон гьесие гьабулеб хIукму цо
буго – чIвазе къотIи. ПарччахIас жиндирго
меседил гIанса гьесул рахъалде балагьун гIебе-
де битIани, цохIо гьев чи чIаго тола. Дунилан
абуни гьале лъеберго къо буго парччахIас жин-
дихъего ахIичIелдаса».
[12] Мардохайида бицана Эстерица абураб.
[13] Мардохайица гьадинаб жаваб битIана Эсте-
рихъе: «Дуда ракIалде ккоге киналго ягьудияз-
да гьоркьой цо мун хвасарлъилин гьений пар-
ччахIасул кIалгIаялда. [14] Жакъа мун юцIцIун
чIани, тархъанлъи ва хвасарлъи кисахун щунги

щвела ягьудиязе, амма мунги дур инсул агьлуги
паналъила гьеб мехалъ. Щиб лъалеб, гьаб къоя-
лъе гIолоцин гурищ мун бикалъун яхъараяли?»
[15] Гьебмехалда Эстерица гьадинаб жаваб
кьуна: [16] «Мун а гьанже, ва киналго Шушанал-
да ругелщинал ягьудиялги данде ракIарун, ки-
нацаго кIал ккве* дие гIоло – лъабго сордо-
къоялъ щибго кванаге ва гьекъоге. Гьединго
дицаги кквела кIал дирго гъаравашалгун ца-
дахъ ва, гьеб парччахIасул къануналъ гьукъараб
иш букIаниги, хадуй ина парччахIасда цееги.
Цинги хвани, хун йикIа абе дун».
[17] Мардохайица кинабго Эстерица малъухъе
гьабуна.

### *Эстерил гьари*

**5** [1] Лъабабилеб къоялъ, тIад ретIун парччa-
хIлъиялъул ретIелгун, Эстер лъугьана пар-
ччахIасул кIалгIаялъул жанисеб азбаралде ва
парччахIасул тах лъураб рукъалда цее яхъун
чIана. ПарччахI гьеб заманалда тахида, рукъа-
лъул кIалтIехун валагьун, гIодов чIун вукIана.

---

* **4:16** Цо хIинкъи бугони ялъуни кIудияб балагь-къварилъи тIаде бачIани, жугьутIаз кIал кколаан Аллагь гурхIизе ва Гьес гьеб балагь нахъ чIвазе букIине гIоло.

[2] Азбаралъуй эхетун Эстер бика йихьидал,
гьев гьелда гурхIана. ПарччахIас жиндирго ко-
доб букIараб парччахIлъиялъул меседил гIанса
гьелъул рахъалде гIебеде битIана. Эстер аскIое
ячIана ва гIансил бетIералда хъвана.
[3] ПарччахIас цIехана гьелда: «Щиб дур
къваригIел, Эстер бика? Щиб бугеб дур гьа-
ри? Щиб бокьаниги гьаре, бащдаб парччахI-
лъицин – кинабго кьела дуе». [4] Эстерица абу-
на: «ПарччахIасе къабуллъани, вачун цадахъ
Гьаманги, дица парччахIасе къачIараб сухIма-
талде вачIа абе парччахI къаси». [5] ПарччахIас
лъазабуна: «Хехлъи гьабун ахIе Гьаман гьани-
ве, биччай Эстерица абухъе букIине!» Парч-
чахIги Гьаманги, Эстерица хIадурараб сухIма-
талде рачIана.
[6] Гьенир квана-гьекъолел рукIаго парччa-
хIас Эстерида цIехана: «Щиб бугеб дур къва-
ригIел? Щиб бокьаниги кьела дуе. Кинаб
бугеб дур гьари-мурад? Дуца гьарараб жо, бащ-
даб парччахIлъиялде гIунтIунгицин – кинаб-
го тIубазабила». [7] Эстерица данде жаваб кьун,
гьадин абуна: «Гьале дир рекIел мурад ва дир
гьари: [8] ПарччахIасул дида ракI рекъолеб ба-
тани ва парччахIасда дир къваригIел тIубазе
ракIалда батани, рачIа абе парччахI ва Гьаман

метеркъасиги дица гьезие хIадуризе бугеб сухI-
маталде, цинги кьела дица парччахIасул суала-
лъе жаваб».

### *Гьаман Мардохай чIвазе ургъи*

[9] Доб къоялъ аваданго, кутакалда разиго ва-
хъана Гьаман къватIиве. Амма парччахIасул
кавабахъ вугев Мардохайида бер чIвайдал, ва
гьев жинда цеве тIадецин вахъинчIевлъи ва цо
тIуркIичIевлъи бихьидал, Гьаманил кутакалда
ццин бахъана Мардохайида. [10] Амма гьес хIал
лъазе биччачIо ва рокъобе нух босана.
Рокъове щведал, жиндирго гьудул-
гьалмагъзаби данде ракIареян ва жиндирго лъа-
ди Зерешги ахIеян буюрухъ кьуна Гьаманица.
[11] Гьаман лъугьана гьезда цеве живго жиндицаго
веццизе: гьес бицана жиндирго бугеб кутакаб
къадру-къиматалъул, бечелъиялъул, жиндирго
васазул гIемерлъиялъул, ва парччахIас жив цо-
гидал киналго вазираздасаги ва нуцалаздасаги
тIадегIанлъизавун кIодо гьавураб куцалъул.
[12] «Гьелда тIадеги, – ян абуна Гьаманица, –
Эстер бикацаги парччахIасда цадахъ сухIма-
талде цохIо дун тун батIияв чи ахIичIо. Метер-
къасиги ахIун вуго дун гьелъухъе парччахIгун

цадахъ. 13 Амма дов Мардохай парччахIасул ка-
вудахъ вукIаго, дие гьеб киналъулго щибго ла-
зат гьечIо».
14 Гьесул лъади Зерешица ва киналго гьудул-
гьалмагъзабаз гьадинаб гIакълу кьуна гьесие:
«КIикъоялда анцIго натI борхалъи бугеб хIуби
чIваян буюрухъ кье дуца ва радал парччахIасда
абе, гьенивги ван Мардохай гъанкъеян, хадув
парахатго парччахIгун цадахъ сухIматалде а».
Гьамание гьеб гIакълу рекIее гIуна ва хIуби
эхетизабеян буюрухъ кьуна.

### *ПарччахIас Мардохай кIодо гьави*

**6** 1 Доб сордоялъ парччахIасда макьу щвечIо.
Къойил лъугьа-бахъиназул хъвай-хъвагIай
жинда тIад гьарулеб тарихалъул тIехь босеян ва
рагIун цIалеян лъазабуна гьес. 2 Гьениб хъван
батана парччахIасул каву цIунизе тарал Бигъ-
тан ва Тереш абурал кIиго ахтабаз, парччахI
Ахашверош чIвазе гьабураб хIилла-макру Мар-
дохайица къватIиб чIвазабиялъул. 3 ПарччахIас
цIехана: «Щиб лъикIлъи гьабураб Мардохайие
гьаб ишалъухъ ва кин гьев кIодо гьавурав?»
Гьесие щибго лъикIлъи гьабичIин бицана гье-
сул чукъбуз.

[4] «Доба къватIибехунисеб азбаралда щив ву-
гев?» – ин цIехана парччахIас. Гьаман вукIана
гьениве вачIун парччахIасда кIалъазе, жинди-
цаго гьесие къачIараб хIобода Мардохай ваян
абун.
[5] Чукъбуз парччахIасда абуна: «Гьаман вуго
дове вачIун», – ин. ПарччахIас абуна: «Жани-
ве вачIаян абе», – ян. [6] Гьаман жаниве вачIа-
на ва парччахIас гьесда цIехана: «ПарччахIа-
се кIодо гьавизе бокьарав чиясе щиб гьабизе
кколеб?» – ан. «Дун тун батIияв тIокIав щив
парччахIас кIодо гьавилев?» – ан пикру гьа-
буна Гьаманица. [7] Ва гьес жаваб кьуна: «Пар-
ччахIасе цо чи кIодо гьавизе бокьун батани,
[8] парччахIас ретIунеб партал босун бачIине
биччай, гьединго парччахI рекIунеб чIухIадго
бетIерги къачIараб гьесул чуги бачеян абе.
[9] Гьеб парталги, гьеб чуги кье абе парччахIа-
сул чIухIбузда гьоркьов бищун тIадегIанасу-
хъе ва гьес ретIе абе парччахIас кIодо гьави-
зе бокьарав чиясда тIад гьеб партал, гьесго
рекIинаве абе гьев чодаги. Хадуб гьев чияс,
чIолохъжоги ккун, цIан баче абе гьеб чу ша-
гьаралъул майданалде ва ахIе абе гьес: „Гьале
гьадин гьабула парччахIас кIодо гьавизе бо-
кьарав чиясе!“ – ян».

[10] «Дуца бицухъе, хехлъи гьабун босе партал-
ги чуги ва гьеб кинабго гьабе дов парччахIа-
сул кавудахъ гIодов чIун вугев ягьудияв Мар-
дохайие! Щибго гьоркьоб течIого дуца абухъе
тIубазабе кинабго», – ян лъазабуна парччахIас
Гьаманида.
[11] Босана Гьаманица партал ва бачана чу,
ретIана Мардохайида тIад гьеб партал, вахи-
навуна гьев гьеб чоде, ва, ккун чIолохъжогин,
бачана гьеб чу шагьаралъул майданалде ва гьес
ахIулеб букIана: «Гьале гьадин гьабула парччa-
хIасе кIодо гьавизе бокьарав чиясе!» – ян.
[12] Хадув Мардохай парччахIасул кавудахъе
тIадвуссана, Гьаманин абуни балагьалъул гьир
тIаде бегарав чи гIадин, къулун бетIергин ро-
къове гIедегIана. [13] Гьаманица гьеб кинабго
бицана жиндирго лъади Зерешида ва гьудул-
гьалмагъзабазда. Гьесул гIакъилзабаз ва гьесул
лъади Зерешица жаваб къун абуна: «Гьев ягьу-
диязул агьлуялъул чи Мардохай сабаблъун мун
гIодовегIан ккезе байбихьун батани, бажарула-
ро дуда гьесдаса бергьине, щапула мун гьесда
цеве!» – ян.
[14] Гьеб рагIи абун бахъиналде, рачIун парч-
чахIасул ахтаяз, хехлъи гьабун вачун ана Гьа-
ман Эстерица хIадурараб сухIматалде.

### *ПарччахIас Гьамание гьабураб жаза*

7 [1] ПарччахI, цадахъ Гьамангун, парччахI Эс-
терихъе сухIматалде щвана. [2] Нахъеги, це-
бесеб къоялъго гIадин квана-гьекъолел рукIа-
го, парччахIас цIехана Эстерида: «Щиб бугеб
дур къваригIел, Эстер бика? Щиб бокьаниги
кьела дуе. Кинаб бугеб дур гьари? Дуца гьара-
раб жо, бащдаб парччахIлъиялде гIунтIунги –
кинабго тIубазабила».
[3] Эстер бикаца абуна: «ПарччахIасул дида
ракI рекъолеб батани, ва парччахIасе гьеб жо
къабуллъани, гьарула дир гIумру цIуне – гьеб
буго дир къваригIел! Мун гурхIа дир халкъал-
да – гьеле дир рекIел гьари! [4] Щайгурелъул, ри-
чун ругелъул ниж – дунги дир халкъги гъуризе,
чIвазе ва тIагIинаризе къотIун руго ниж! Ниж
лагълъиялде ричун, лагъзаллъун гьаризехъин
рукIараланицин, дун юцIцIун чIелаан – гьеди-
наб балагь сабаблъунцин парччахIасул рахIат
хвезабилароан!»
[5] ПарччахI Ахашверошица Эстерида цIе-
хана: «Щив кколев гьев чи? Кив гьев вугев?
Лъида кIвараб щибго нахъе къачIого гьединаб
пикру рекIелъе биччазе?» [6] «Гьев тушман кко-
ла гьале гьав хIалихьат Гьаман!» – ин жаваб

кьуна Эстерица. Гьаманиде кутакаб хIинкъи
рещтIана парччахIасда ва гьесул лъадуда цебе.
7 Ццидаца гьалаглъарав парччахI, квана-
гьекъейги тун, тIадеги вахъун, къватIивехун
кIалгIаялъул ахикье ана, Гьаманин абуни
Эстер бикада, жинда гурхIун, гIумру цIу-
нейин гьардезе лъугьана: гьесда бичIчIана,
парччахIас жиндие гIасияб хIукму къотIа-
раблъи.
8 КIалгIаялъул ахикьа квана-гьекъолеб ро-
къове тIадвуссиндал, парччахIасда бихьана
Гьаман, Эстер бикал тахбакIалде кIалагъоркье
щапун. «Гьанже дир лъадуде тIаде лъугьине-
гийищ къасд ккараб, битIахъе дир кIалгIая-
лъуб?!» – ан ахIдана парччахI.
ПарччахIасул кIалдиса къватIибе гьеб рагIи
араб сагIаталъ, Гьаманил гьумер, тIаде жо ре-
хун, бахчизабуна.
9 ПарччахIасул ахтабазул цояв, гьесие хъулу-
хъалъе чIезавурав Харвоница абуна: «Парччa-
хIасе лъикIлъи гьабурав Мардохай вазе хIуби-
цин къачIан букIана Гьаманица, – кIикъоялда
анцIго натIалъ борхатаб гьеб хIуби Гьаманил
минаялда цебе чIван буго!» – ян.
«Гьеле гьеб хIобода вай гьев!» – ин буюрухъ
кьуна парччахIас. 10 Гьедин Мардохайие гьес

къачIан букIараб хIобода Гьаман живго вана,
ва парччахIасул ццин гIодобе буссана.

### *Ягьудиязе жалго цIунизе парччахIас изну кьей*

**8** [1] Доб къоялъ парччахI Ахашверошица ягьу-
диязул тушман Гьаманил кинабго боцIи-
рикъзи Эстер бикае кьуна. Мардохай парчча-
хIасда цеве ахIана, гьев щив жиндие кколевали
Эстерица бициндал. [2] ПарччахIас Гьаманихъа
нахъе босараб баргъич, бахъун Мардохайие
кьуна. Эстерицайин абуни Мардохай тIолабго
Гьаманил букIараб рателалда тIад тана.
[3] Нахъеги Эстер парччахIасда цее яхъун кIа-
лъана: гьесул хIатIазда цее щапун, гIодун гьар-
дана, агагIияв Гьаманица ягьудиязе ургъараб
вахIшияб къисмат хисизабеян. [4] ПарччахIас
Эстерил рахъалде балагьун жиндирго меседил
гIанса гIебеде битIана.
Эстер тIаде яхъана ва парччахIасда цее яхъун
чIана. [5] Цинги гьелъ абуна: «ПарччахIасе къа-
буллъани, ва дида парччахIасул ракI рекъолеб
батани, парччахIасда гьеб иш битIараблъун би-
хьани, ва гьев дида гурхIулев ватани, биччанте
гьес буюрухъ кьезе дов АгагIил наслуяльул чи
Гьамедатил вас Гьаманица тIолалго парччахIа-

сул вилаятазда ругел ягьудиял гъуреян хъварал
кагътал нахъ руссинареян. [6] Дир халкъалде тIа-
де гьадинаб балагь рещтIунеб букIаго, кIвелищ
дида парахат чIезе, дир агьлу гъурулеб бугони
кин дица гьеб хIехьелеб?»

[7] ПарччахI Ахашверошица Эстер бикадаги
ягьудияв Мардохайидаги абуна: «Дица кинаб-
го Гьаманил рател кьуна Эстерие, гьев живгоги
хIобода ван чIвана, гьес ягьудиял тIагIинаризе
макру гьабуралъухъ. [8] Гьанже нужецаги хъвай
парччахIасул цIаралдасан ягьудиязе рекъараб
буюрухъ, нужеего бокьараб къагIидаялъ, ва
парччахIасул мугьру тIад бикIараб баргъичги
чIвай гьелда. ПарччахIасул цIаралдасан хъва-
раб ва гьесул мугьру тIад чIвараб буюрухъ хи-
сулареб букIуна».

[9] Хадуб, лъабабилеб моцIрол, ай сиван мо-
цIрол* къоло лъабабилеб къоялъ ахIана парч-
чахIасул катибал, ва Мардохайица малъухъе,
хъвана цIияб буюрухъ. Хъвана кагътал ягьу-
диязул халкъалъухъе, парччахIасул Гьиндус-
таналдаса Эфиопиялде щвезегIан нусиялда
къоло анкьго вилаятазул вазиразухъе, сардара-
зухъе, киналго халкъазул чIухIбузухъе, щибаб

* **8:9** Май-июнь моцI.

халкъалъухъе гьелъул жиндирго мацIалда ва
хъвай-хъвагIаялда рекъон, гьединго ягьу-
диязухъе гьезул жидерго мацIалда ва хъвай-
хъвагIаялда рекъон. [10] Буюрухъ хъвана парчча-
хIасул цIаралдасан ва гьесул мугьруги чIвана
гьелда. ПарччахIасул чол рехъалъа тIаса ри-
щарал чуязда рекIун чапарзаби ритIана гьел
кагътал киса-кирего щвезаризе.

[11] Гьеб парччахIасул буюрухъалда рекъон
ягьудиязул ихтияр букIана жиб-жиб шагьарал-
да жалго цIуниялъе гIоло данделъизе: жиб-жиб
агьлуялъул ва вилаяталъул киналго, ягьудиязда
данде рахъарал тушбабазул руккелал лъималгун
ва руччабигун цадахъ гъурун-чIван тIагIинари-
зе ва гьезул боцIи-магIишатги хъамал гьабизе.
[12] Гьеб иш тIубазабизе, тIолалго парччахI Ахаш-
верошил вилаятазда чIезабуна цо къо – анцIи-
ла кIиабилеб моцIрол, ай, адар моцIрол, анцIи-
ла лъабабилеб къо. [13] Гьеб хъвай-хъвагIаялъул
кагътал, киналго вилаятазда тIиритIизареян,
ва, киналго халкъазда рагIизе ва тушбабаздаса
рецIел босизе, гьеб къоялде ягьудиял хIадур ру-
кIине, гьелъул гIакIа ахIеян лъазабуна.

[14] ПарччахIасул хехал чуязда рекIун, чапарза-
би гIедегIана гьесул амру тIубазабизе. Гьеб бу-
юрухъалъул гIакIа ахIана Шушан хъалаялдаги.

[15] Мардохай парччахIасухъа къватIиве вачIу-
наго, гьесда ретIун букIана хирияб хъахIаб ва
канчIхъахIилаб парччахIлъиялъул ретIел, ботI-
рода лъун букIана кIудияб меседил таж ва тIа-
сан ретIун букIана, цIакъго хирияб, хъахIаб ва
билбагIараб квас-квасул ххамил гьабураб гIа-
ба. Шушан шагьаралде кIудияб разилъи-рохел
рештIана. [16] Ягьудиязе дуниял къалъана, кутакаб
рохел-разилъи ва кIодолъи насиблъана. [17] Гьеб
парччахIасул буюрухъ бачIарабщинаб вилаятал-
да ва шагьаралда, ягьудиязул кIудияб разилъи-
рохел букIана, ва сухIмат-кепалде журалел
рукIана. Цинги батIиял халкъазул гIемерал гIа-
дамаз ягьудиязул дин босана, щайгурелъул ягьу-
дияздаса кIудияб хIинкъи рештIана гьезде.

### *Ягьудиязул бергьенлъи*

**9** [1] АнцIила кIиабилеб моцIрол, ай, адар мо-
цIрол, анцIила лъабалилеб къо — парччa-
хIасул буюрухъ тIубазе чIезабураб къо тIаде
щведал, ягьудиял рихаразул, гьел гъурун тIа-
гIинаризе букIараб къасд гIаксалда ккана ва
ягьудияз гьезда тIад бергьенлъи босана. [2] Парч-
чахI Ахашверошил тIолалго вилаятазул щибаб
шагьаралда данделъана ягьудиял, жинда данде

квешлъи гьабизе къачIаразда тIаде кIанцIизе.
Амма лъидаго кIвечIо ягьудиязда данде ра-
хъине, щайин абуни, киналго халкъал гьезда-
са хIинкъидал. [3] ТIолалго вилаятазул чIухIбуз,
сардараз ва парччахIасул вазирзабаз, Мардо-
хайикьа хIинкъиялъ, ягьудиязул рахъ ккуна.
[4] ПарччахIасул кIалгIаялда Мардохайил къадру
цIикIкIиндал, гьесул цIар тIолалго вилаятазда
машгьурлъана. Гьесул къуват къоялдаса къоял-
де жеги цIикIкIунеб букIана.

[5] Ягьудиязин абуни киналго тушбаби гъу-
рана, хвалчаца къотIана, ва чIван тIагIинару-
на – жидеего бокьараб гьабуна гьез тушбаба-
зе. [6] Шушаналъул хъалаялда ягьудияз чIвана ва
гъурун тIагIинавуна щунусго чи. [7] Гьенир чIва-
на Паршандад, Далфон, Аспатав, [8] Поратав,
Адальят, Аридад, [9] Пармаштад, Арисав, Аридав
ва Вайзатад – [10] анцIалго ягьудиязул тушман
Гьаммедатил вас Гьаманил васал. Амма гьезул
боцIи-рикъзиялде квер бегьичIо ягьудияз.

[11] Гьебго къоялъ парччахIасда лъазабуна
Шушан хъалаялда чIваразул къадар. [12] «Шушан
шагьаралъул хъалаялда ягьудияз щунусго чи-
ги, Гьаманил анцIго васги чIван вуго. Цогидал
парччахIасул ракьазда щибдай гьез гьабураб?
Цоги щиб бугеб дур рекIел мурад? Кинабго

тIубазабила. Кинаб бугеб дур гьари? Щиб бо-
кьаниги къабул гьабила», – ян кIалъана парч-
чахI Эстерида.

13 «ПарччахIасе къабуллъани, биччанте жа-
къаго гIадинаб амру метерги тIубазе ягьудияз
Шушаналда, Гьаманил анцIалго васалги хIобо-
да рай абе», – ян кIалъана Эстер.

14 ПарччахIас гьедин тIубазабеян буюрухъ
кьуна, Гьаманил васазул къаркъалабиги хIобода
рана. 15 Шушаналдаса ягьудиял нахъеги данде-
лъана – адар моцIрол анцIила ункъабилеб къо-
ялъ – ва жеги лъабнусго чи чIвана Шушаналда,
амма гьезул боцIи-рикъзиялде квер бегьичIо.

16 Гьединго цогидал парччахIасул ракьаздаги
ягьудиял данделъана жалго цIунизе ва тушба-
баздаса жалго хвасар гьаризе, ва лъабкъоялда
анцIила щуазарго тушман чIвана, амма гьезул
боцIи-рикъзиялде квер бегьичIо. 17 Гьеб ккана
адар моцIрол анцIила лъабабилеб къоялъ, ан-
цIила ункъабилеб къоялъин абуни гьел пара-
халъана ва гьеб къо букIана рохалил, сухIмат-
кепалъул къо.

18 Шушан шагьаралда ругел ягьудиял анцIи-
ла лъабабилеб къоялъги, анцIила ункъабилеб
къоялъги данделъана ва анцIила щуабилеб къо-
ялъ парахалъана – гьеб къо букIана рохалил ва

сухIмат-кепалъул къо. [19] Гьединлъидалин роса-
балъ, сверун къачIел шагьаразда гIумру гьабун
чIарал ягьудияз, адар моцIрол анцIила species-
билеб къоялъ, байрамкъоялъ гIадин, сухIмат ва
квана-гьекъей гьабулеб, цоцае квен-тIехалъул
сайгъаталги ритIулел.

### *Пурим байрам*

[20] Гьеб киналъулго хъвай-хъвагIай гьабуна
Мардохайица ва гьеб тIад хъварал кагътал ри-
тIана парччахI Ахашверошил киналго вилая-
тазде, тIолалго ягьудиязухъе, гIагарав-чиярав
батIа гьавичIого. [21] Гьениб хъван букIана, щи-
баб соналъ адар моцIрол анцIила лъабабилеб
ва анцIила ункъабилеб къо байрамкъояллъун
чIезареян, [22] гьел къояз ягьудиял тушбабаздаса
хвасарлъун рукIиндал, ва гьеб моцIалъ гьезул
къварилъи рохалиде ва магIу сухIматалде све-
ридал – гьел къоял квана-гьекъеялъул ва бай-
рамалъул къояллъун чIезареян ва цоцае сайи-
гъатал кьеян ва мискиназе садакъаги бикьеян.

[23] Гьелдаса нахъе, Мардохайица гьеб къоялъ
аманат гьабурабщинаб жо, ягьудиязул гIадат-
лъун лъугьана. [24] АгагIияв Гьаммедатил вас, ки-
налго ягьудиязул тушман Гьаманица, ягьудиял

чIвазе къваригIун, рехана «пур», ай, можоро,
гьел гъуриялъе ва тIагIинариялъе гIоло. 25 Амма
Эстер парччахIасухъе ячIиндал, гьес буюрухъ
кьуна ва Гьаманица ягьудиязда данде ургъараб
гIасияб макру гьесде жиндего тIаде буссана.
Гьаман ва гьесул васал хIободаги ран чIвана.
26 Гьединлъидал гьел къоязда «Пурим» абула,
«пур» абураб рагIудасан.

Гьеб кагътида хъварабщиналъул, гьезда жидедаго бихьаралъул ва гьел киналго лъугьабахъиназул хIасилалда, 27 ягьудияз хIукму къотIана жидеего, жидерго рукIинесел гIелазе ва киналго гьезул диналде руссарал чагIазе хисулареб гIадат чIезабуна: гьеб хъвай-хъвагIаялда ва гьабураб хIукмуялда рекъон, гьелъие бихьизабураб къагIидаялда ва заманалда, лъагIалидаса лъагIалиде гьеб кIиябго къо тIобитIизе. 28 Гьел къоял ракIалде щвезе ва тIоритIизе ккола щибаб гIелалъ, щибаб хъизан-къаялъ, щибаб вилаяталда ва щибаб шагьаралда. Гьел Пурималъул къоял кидаго я хисизе, я кIочене бегьуларо ягьудиязда ва гьезул наслабазда.

29 Абихалилил яс Эстер бикаца ва ягьудияв Мардохайица, тIолабго жидерго кверщелалдалъун ва хъвай-хъвагIаялдалъун тасдикъ гьабуна гьеб Пурим-байрамалъул хIакъалъулъ хъвараб

кIиабилеб кагъат. 30 Ва Ахашверошил улкая-
лъул нусиялда къоло анкьго вилаятазул ягьуди-
язде битIана гьеб саламалъул кагъат – 31 Пурим
байрам, ягьудияв Мардохайица ва Эстер бика-
ца малъухъе, гьелъие бихьизабураб заманалда,
жалго ягьудияз дол магIил ва кIалкквеялъул
къояз, жидеего ва жидерго наслабазе чIезабу-
раб къагIидаялъ тIобитIеян. 32 Эстерил буюру-
хъалдалъун тасдикъ гьабуна Пурим-байрам ва
гьелъул хъвай-хъвагIайги гьабуна.

### *Мардохайил кIодолъи*

**10** 1 ПарччахI Ахашверошица цIияб магъало
лъуна халкъазда тIад киса-кибего, ралъ-
дал чIинкIиллъабазде гIунтIун. 2 Киналго гье-
сул лебалал ва къудратал ишал ва гьес Мардо-
хай кутакалда кIодо гьавиялъул якъинаб хабар
хъван буго Персиялъул ва Мадаялъул парччa-
хIзабазул тарихалъул тIахьазда.

3 ПарччахIасда хадув парччахIлъиялда жа-
нив бищун къуватавлъун вукIана ягьудияв
Мардохай. Ягьудиязда гьоркьов бищун къадру-
яв, киналго агьлуцоязе хирияв гьев, халкъалъе
лъикIлъиялъе хIалтIулаан ва квешлъиялдаса
жиндирго агьлу цIунизе кIалъалаан.


Рутил хIакъалъулъ тIехьалда рехсолел бакIал
Галилеялъул хIор
Иорданалъул гIор
Средиземнияб ралъад
Иерусалим
Бетлегьем
Цамул ралъад (Хвараб ралъад)
МогIав
©UBS, 1999


ЧегIераб ралъад
Гиркан ралъад
(Каспий ралъад)
МАДАЙ
Каркемиш
(Кархемис)
Ниневия
Ашшур
АССИРИЯ
Екбатана
Средиземнияб ралъад
Ривла
Димишкъи
(Дамаск)
Самария
Иерусалим
Вавилон
Шушан
ГIАРАБУСТАН
Мемфис
МИСРИ
Нил гIор
БагIараб ралъад
Персиялъул залив
Ассириялъул
империя
©UBS, 1999


ЧIегIераб ралъад
Гиркан ралъад (Каспий ралъад)
ЛИДИЯ
ЭРМЕНИСТАН (АРМЕНИЯ)
Ниневия
МАДАЙ
ПАРФИЯ
Средиземнияб ралъад
Екбатана
Димишкъи (Дамаск)
Самария
Вавилон
Шушан
Иерусалим
Мемфис
ГIАРАБУСТАН
Персеполь
МИСРИ
Персиялъул залив
Фивы
БагIараб ралъад
Нил гIор
Персиялъул империя
©UBS, 1999